

ХI. ГьитIихIмадибировасул сурат

**КвегIиса кваранидe: П. Дайитбегова, П. Рамазанова, М. АхIмадов, ГI. Даганов, Р. МухIамадова.**

**Шамил районалъул Ракъуб, Лъануб ва ЦIегоб росабазул рахьдал мацI гьебго районалъул цойги росабазул гIадамазда бичIчIуларо. Амма тIоцебесеб классалде араб мехалдаса лъималазда малъула киназего гIаммаб магIарул мацI.**

Ахираб заманалда данд-чIвала жидерго рахьдал мацI кIочене тарал магIарулалги. Кинха гьезда гьеб кIоченареб тIубараб хъизаналъго, рокъоб батIалъи гьечIого, къватIиб батIалъи гьечIого гIурус мацI гурони бицунеб гьечIони. Риидал каникулалъул заманалъ шагьаралдаса нижер КъахIиб росулъе, магIарухъе хIухьбахъизе рачIуна хъизахъизаналго. Росулъ годекIанир гIодор чIарал харабазда цересан унаго лъималги эбел-эменги цоцазда гIурус мацIалъ кIалъалел рагIула. Гьединаб бугоха гьанже заманалъул хIакъикъат.

«ХIакъикъат» газеталдаги гьоркьоса къотIичIого хъвалеб буго магIарул мацI цIунизе ккеялъул хIакъалъулъ. Пайда щиб, кколеб хIасил мукъсанаб буго. Гьелъие къваригIуна нахъаса къотIи гьечIеб ахIи ва лъималазулгун хIалтIи.

Гьелъул мурадалда магIарул районазда гьоркьоб лъазабуна магIарул мацIалда кучIдул цIалиялъул конкурс. Гьениб бихьизабун буго цо шартIги: кучIдул рукIине ккола цIалул программаялде гьоркьоре инчIел. Гьеб конкурс букIине бугеблъи баян гьабун районалъул лъай кьеялъул отделалъ кагъат битIун бачIана магIарул мацIалъул ва адабияталъул кружок бачуней учительница МухIамадова Раисатихъеги. Гьеб кружокалъул пагьму-гьунар бугей гIахьалчIужу, 10 классалъул цIалдохъан ПатIимат Дайитбегова къойилго гIадин ячIунаан къецазде хIадурлъизе. ПатIимат хIадур гьайиялъе гIиллаги букIана, гьелъ МахIачхъалаялда «БукIинеселде гали» абураб къецалда кIиабилеб бакI ккун букIин. Гьабураб хIадурлъиялъул хIасилги ккана: районалъ тIобитIулеб конкурсалда жюриялъ ПатIиматие лъикIаб къимат кьуна, хабар гьечIого гьелъие тIоцебесеб бакI щвана.

Гьанже цебе чIана цойги масъала - республикаялъул конкурсалде хIадурлъизе. Гьеб конкурсалде жеги цIикIкIараб гьираялда хIадурлъизе лъугьана учительница ва цIалдохъан.

Конкурс тIобитIана 21 февралалда Дагъистаналъул педагогикиял кадрабазул махщел камил гьабиялъул институталда. ГIемерал гIахьалчагIи рукIиналда бан рикьана секциябазде. Гьезда гьоркьор магIарулазул секциялда рукIана бищунго гIемерал гIахьалчагIи – 23 чи.

ПатIиматица цIалана халкъияв поэт ГIабасил МахIамадица мунагьал чураяв ГIарипов ХIажиде гьабураб кечI. ПатIиматил кечI тIаса бищизе ва пасихIго цIализе бугеб махщалие лъикIаб къимат кьуна жюриялъул членаз. Хасго гьелъул цееяхъиналъги хIайран гьавуна жюриялъул председатель, «Лачен» журналалъул редактор МухIамад Хириясулаев. Балагьаразе асар гьабуна ПатIиматида тIад букIараб миллияб ратIлица, гьелъ гIуцIун букIараб магIарул шагIирзабазул бокIоналъги.

ПатIиматил махщел буго кучIдул гьаризеги. Гьениб гьелъ жинцаго ГIарипил ХIажиде гьабураб назмуги ахIана, гьесде гьабураб кечIалъухъ ГIабасил МахIамадие баркала кьураб кечIги цIалана.

*ХIайбула*
***ГЬИТIИХIМАДИБИРОВ,***
*КъахIиб росу*

■ ДАНДЕРУССЕНАЛ

# ЧIорогоруссинчIо мугIалимзаби



**13-14 июлалъ Хунзахъ мухъалъул МакьастIа абулеб, тIабигIат берцинаб гIатIилъухъ тIобитIана Авар мацIалъул мугIалимзабазул 3-абилеб руцIцIен. Гьениб гIахьаллъана Дагъистаналъул районаздаса ва шагьараздаса бачIараб мугIалимзабазул 25 команда. Гьеб тадбиралъул хIурматиял гьалбаллъун рукIана магIарулазул бищунго борхалъуде рахарал, мацIалъул ва адабияталъул гIалимзаби, журналистал, шагIирзаби, хъвадарухъаби, маданияталъул махщелчагIи, жамгIиял гIуцIабазул нухмалъулел.**

Инсуе вас — росдае бахIарчи!

МагIарул мацI гьуин гьабиялъе, гьеб рухIияб хазина цIуниялъе нухал ва ресал ралагьиялда, ратиялда хурхарал рукIана машгьурал гIа-

кьигъориса Умагьани ХIадисовалъ. ПатIинал нухмалъиялда гIуцIараб нилъер богорукъги къабуллъана киналго гьалбадерие. ТIаде бачIанщинаб



дамаз гьенир гьарунщинал кIалъаязул магIнаги. КIиго къоялъ халат бахъараб гьеб байрамалъ данде гьаруна магIарул мацIалъул мугIалимзаби гурелги гьезул махщалил къимат бичIчIулел рикIкIен гIемерал магIарулалги. Рахьдал мацIалъул масъалабазул бицун гуребги гьенир данделъаразда бихьана щибаб мухъалъул гIадат-гIамал, фольклор, ратIлил формаялъул хаслъи. Гьеб кинабго жанибе бачун букIана командабазда жидерго программаялда.

Араб соналъ Болъихъ районалъул гIандадерил хIорихъ тIобитIараб гьабго тадбиралда кIиабилеб бакI босун букIана нилъер районалъул мугIалимзабазул командаялъ. Исана нилъерал мустахIикълъана гIицIго лъабабилеб бакIалъе. Гьелъие гIиллалъунги ккана кватIун рекIеда рати, хIадурлъизе цохIониги нухалъ данде ракIаричIолъи. Кин бугониги кIиябго къоялъ киназего загьираб гIахьаллъи гьабуна нилъераз. Исанасеб командаялда цадахъ рукIана райОНОялъул авар мацIалъул куратор ПатIимат Хизроева, ХIебда школалъул завуч ПатIимат Рамазанова, ТIидиб школалъул завуч Асият АбдурахIманова, Гьоориб школалъул мугIалим Раисат МухIамадова. Командаялда гьорлъ рукIана Ругъелда школа искусствоялъул ва культураялъул хIалтIухъабазул кIудияб къокъаги. Цереккун хIадурунго гьечIониги гьез бихьизабуна умумузул заманаялъ вас гьавураб рокъоб букIараб миллияб хаслъи. Гьезул зурма-къалиялъул накъитаз кверде босун букIана хIикматаб берцинлъиялъул тIабигIаталда данделъараб халкъ. Тадбиралда хурхараб темаялда магIнаяб шигIрияб рагIи программаялда жубазабуна ХIебда школалъул мугIалим ПатIина ГIалиевалъ ва Микалкъалъул гIемерлъиялъ сурат бахъизе эхетизе бакIцин щвечIо гьеб конкурсалъул.

Нилъер командаялъул рахъ ккун хьолбохъ чIана магIарулазе къиматал, гьунар тIокIал кочIохъаби ТIелекьа ХIабиб Хирисулаев ва Зивуриса ХIусен ГIамирханов. Гьединго шагьараздаса рачIарал бищунго лъикIал командабазда гьоркьорги рукIана, жалго гIумру гьабун ругел бакIазда магIарул мацIалъул мугIалимзабилъун хIалтIулел нилъер районцоял. Гьеб кинабго хIисабалде босани бищунго берцинаб ва чIагояб гIахьаллъи букIана нилъеразул.

Жюриялъ гьарурал хIасилал гьадинал ккана:

**1-себ** бакI ккуна Унсоколо мухъалъул мугIалимзабазул къокъаялъ;

**2-абилеб** бакI кьуна Казбек мухъалъе ва Каспийск шагьаралъе;

**3-абилеб** бакI бикьана Шамил мухъалда, МахIачхъалаялда ва Гъизилюрт шагьаразда гьоркьоб.

Авар мацIалъул мугIалимзабазул ассоциациялъул нухмалъулей Баху МухIидиновалъ хасаб баркала загьир гьабуна тадбир берцин гьабурал нилъер районалъул гьунарчагIазе.

Къолохъе чIехьолеб цIад бугониги гьенир рачIаразе санагIатхвей биччачIо хунздерица. МагIарул мацIалъул ассоциалъиялъе хIажаталъе аскIор эхетун рукIана Хунзахъ районалъул нухмалъулел. Баркала гьезие гьоболлъиялъухъ, гIаданлъиялъухъ.

ГIадатлъун билълъухъе, хадусеб слет тIобитIула бергьенлъи босараб командаялъул районалда. ТIасияб соналъул 18-19 июлалъ авар мацIалъул мугIалимзаби дандчIвазе руго Унсоколосезул ракьалда.

**П. ГЪИТIИНОВА**



■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

# Руччабазул къо кӀодо гъабуна

**Халкъазда гъоркьосеб руччабазул къоялъул хӀурматалда, гӀатӀидаб тадбир гъабуна анлъабилеб марталъ нилъер райцентралда.**

ХӀебда Маданияталъул кӀалгӀаялда тӀобитӀулеб гьеб байрамалда гӀахьаллъана районалъул бетӀер МухӀамад ХӀасанов, райсобраниялъул председатель МухӀамадамин Хизроев, ва цогидал идарабазул нухмалъулел.



Байрамалде ахӀун рачӀун рукӀана районалъул киналго росабалъа хӀурматиял руччаби- хӀалтӀул церехъаби.



Байрам гӀуцӀиялъулъ кӀудияб хӀаракатчилъиги гъабун, гьеб нухда бачана районалъул руччабазул гӀуцӀиялъул нухмалъулей Умакусум ГӀалибеговалъ ва райполиклиникаялъул хӀалтӀухъан Асият КъурахӀовалъ.

Руччабазул байрамги баркун, тадбир рагьана районалъул бетӀер МухӀамад ХӀасановас. Жиндирго кӀалъаялда гьес тӀадчӀей гьабуна жакъасеб жамгӀият цебетӀеялъулъ чӀужугӀаданалъ лъолеб кӀвар цӀикӀкӀараб бутӀаялда: - Улкаялъул тӀолалго руччабазда цадахъ нилъер районалъул руччабазги жигараб гӀахьаллъи гьабулеб буго экономика борхизабиялда, лъималазе лъай, тарбия кьеялда, сахлъи цӀуниялда, росдал магӀишат цебетӀезабиялда. Дагьал гьечӀо ВатӀан тӀегьазабиялъе гӀоло кӀвахӀ, свак лъачӀого хӀалтӀулел руччаби. Гьел мустахӀикъал руго жидедаса мисал босизе, даимаб реццалъе ва хӀурматалъе..

Дагъистаналъул руччабазул Советалъул ва райадминистрациялъул рахъалдасан ХӀурматалъул шапакъаталгун сайгъатал кьун кӀодогьаруна, гӀемерал соназ жидер бажариги жанги кьун батӀи-батӀияб бутӀаялда хӀалтӀарал руччаби.

Байрамалъул темаялда гӀуцӀараб бечедаб концерталъул программа бихьизабуна нилъер районалъул маданияталъул гьунарчагӀаз, искусствоялъул школалъул гӀисинал кьурдухъабаз. КӀудияб асар гьабуна балагьаразе гьунар бугел кочӀохъабаз эбел-чӀужугӀадан рехсон ахӀарал кучӀдуз.

БатӀиябго чӀаголъи ва берцинлъи кьуна гьеб программаялъулъ гьитӀичал гӀахьаллъиялъги. Кидаго гӀадин, балагьаразул ракӀал хӀайранлъизарулел лъималазул церерахъинал хӀадурун ругоан ХӀебда ясли-ахалъул хӀалтӀухъабаз.

НИЖЕР МУХБИР

# Жизнь измеряется не годами, а трудами



**Такими словами можно охарактеризовать Раисат Омаргаджиевну Магомедову– отличника образования РД, учительницу начальных классов Горской средней общеобразовательной школы Шамильского района.**

Раисат Омаргаджиевна 33 года работала в Кахибской средней школе, а последние три года она трудится в родной школе. Все эти годы она учит ребятишек читать и писать, рисовать, фантазировать, быть добрыми и отзывчивыми. Малыши, затаив дыхание, слушают рассказы, которые специально для них сочиняет учительница. Раисат Омаргаджиевна проводит большую воспитательную работу среди учащихся. Она руководитель не только начальных классов, но и 9-го класса. Воспитывает учащихся в духе традиций, обычаев родного села и края. Каждый год организует экскурсии в исторические места села и района. В прошлом учебном году она с учащимися посетила дом-музей Гамзата Цадасы в селении Цада. Также ребята побывали в гостях у поэта Абасил Магомеда. Вернулись из поездки очень довольные увиденным и услышанным.

Раисат Омаргаджиевна старается воспитать детей дружными, чуткими, отзывчивыми, добрыми. Классные часы у нее проходят на высшем уровне. Отрадно, что в педагоге гармонично сочетаются скромность и внешнее обаяние, требовательность и доброта. Раисат Омаргаджиевна участвует не только в школьных делах, но и в общественной жизни села. Ни одно мероприятие не проходит без ее участия.

За свою многолетнюю работу Раисат Омаргаджиевна награждена многими районными и республиканскими грамотами. Родители, ученики, коллеги очень любят и уважают ее за искренность, доброту и трудолюбие. Она сохранила в себе ценности, которые присущи каждому уважающему себя человеку. От имени всего коллектива и всех родителей хочется пожелать Раисат Омаргаджиевне счастья, творческих успехов и долгих лет жизни.

***М. Магомедова,***
***заместитель по воспитательной работе ГСОШ,***
***Шамильский район***

# БукIинеселде ракIчIараб лъайгун

**18 апрелалъ МахIачхъалаялда тIобитIана «ГIолохъанав ВатIан лъалев» абураб конкурс. Гьеб къецалда гIахьаллъи гьабуна КъахIиб гьоркьохъеб школалъул 10 абилеб классалъул цIалдохъан Дайитбегова ПатIиматица. Абизе бегьула, нижеца гIахьаллъи гьабураб лъабабго къецалда гьоркьоб бищунго гIемерал гIахьалчагIи гьаб конкурсалда рукIанилан.**

Гьаб ахираб заманалда нилъер гIун бачIунеб гIелалда кIочонел руго нилъер умумузул цересел гIадатал. Щалха нилъ кколел нилъер цебе букIараб халкъияб кIалзул гьунар, гьелъул бечелъи лъалеб гьечIони?

Умумул! Гьеб рагIиялъулъ дида бихьула гьезул гIакълуялъул цIубай, каламалъул бегIерлъи. КиналгIаги тIахьал, томал щалун гуро гьезие гьеб щвараб. Наслабахъа наслабахъе кьун, цоязухъа цогидазухъе кьун тIибитIана гьеб, гьаб жакъа къоялде щвезегIанги. Гьедин батила гьаб сонаЛъ гьеб кIалзул гьунаралдеги нилъер республикаялда кIвар кьолеб бугеб.

18 апрелалъ МахIачхъалаялда тIобитIана «ГIолохъанав ВатIан лъалев» абураб конкурс. Гьеб къецалда гIахьаллъи гьабуна КъахIиб гьоркьохъеб школалъул 10 абилеб классалъул цIалдохъан Дайитбегова ПатIиматица. Абизе бегьула, нижеца гIахьаллъи гьабураб лъабабго къецалда гьоркьоб бищунго гIемерал гIахьалчагIи гьаб конкурсалда рукIанилан. Гьенибе жанибе кьун букIана 98 гIахьалчиясул хIалтIи. Гьезда гьоркьоса заочнияб туралдаса хадув, практическияб туралде ворчIана 58 гIахьалчи. Нижее цIакъго кIудияб рохел букIана 25 бал щвезе рес бугеб балалдаса 24 балги босун, гьениб гIахьаллъи гьабизе щвей. ХIалтIуе къимат кьезе рищун рукIана гьеб централъул бищунго лъикIаздаса гIуцIараб комиссия.



П.Дайитбегова жиндирго мугIалимзабигун

Гьеб комиссиялда вукIана 5 чи. ПатIиматица жиндирго цее яхъин байбихьана гьадинал рагIабаздалъун: «Нилъеца аралде туманкI речIчIани, бачIунелъ нилъеде гIарада кьвагьула» абун. ПатIиматица кинабго бицунаго цадахъго бихьизабулебги букIана, гьелъ ретIун букIана нилъерго умумузул ретIелги. Гьелъ батила цониги гIахьалчиясул цере рахъинги бахъичIого, РГВК телевидениялъ гьелъул цееяхъинги бахъараб ва цо чанго нухалъ «Программа Дагестаналдаса» бихьизеги гьабураб. Гьелъул программаялда рукIана: кинидахъ кучIдул, оцбанкъо, цIияб сон, ращибиччанкъо, гьабихъ, корохъ ахIулел, магIаби, берккеялдаса цIуни, бахIарай рокъое ячIунелъул, гьей тIоцее ицухъе унелъул ахIулел кучIдул.

Гьай-гьай, гьединаб бечедаб кIудияб материал бакIаризе ккани, гIемераб кумекги хIажалъана. ЦохIо хIалтIул нухмалъулей Раисат ГIумархIажиевалде рехун течIо гьеб. Кумек гьабуна школалъул учительзаби: Рамазанова ПатIиматица, МухIамадсаидова Ирайгьанатица, ПатIимат Нуриловнаялъ, ПатIимат ГIамирхановалъ, Рисалат Расуловнаялъ, Салимат Муслимовнаялъ хасго эбел Газиева Ирайсатица. Гьедин тIадчIун гьабураб хIалтIул хIасилги квешаб ккечIо.

Гьаниб абичIого гIоларо, нижеца кIвар кьуна тIехьалда ругел гурел росдал харабазухъа кучIдул ралагьизе. Гьелъул мурадалда ниж щвана росулъго цIикIкIарал: Нуцалалъухъе, Тоисатихъе, Баширил ПатIиматихъе, Дайгьанатихъе. Гьезулгун гьабураб гара-чIвариялъул, гьез рицарал, ахIарал кучIдузул гьабуна видеозапись ва босун букIана цадахъ.

ЦIакъго кIудияб къимат кьуна комиссиялъул членаз ПатIиматица **бахIаралъул «макьичадалги»** росун унаго ахIараб кочIое:

Вай нижер бахIарай, нижер бахIарай,
Рокъоса унелъул эбел гIодарай.
Вай нижер бахIарай, нижер бахIарай,
Рокъой ячIунелъул якьад йоxарай.

**Корохъ ахIулел:**

Рассиги халалъаги, ххенейги гьарзалъаги,
Гьирал гIемерал рачIун нилъ рохизе гьареги.
БачIараб кваназе нилъ Аллагьас чIаго таги,
Рохалие гурони, къали цIезе ккогеги.

**Кинидахъ ахIулел:**

Кьижа-кьижа МухIамад,
МахI гьуинаб мокьрол гьветI.
Бикь-бикьараб чамасдак,
Чанку цIурал билил гьуд.
Кьижа-кьижа дир дарман,
Кар багIараб билил гьветI.
БилбагIараб гIечул гьветI,
Борхун араб чинари.
Чанкун цIураб найил гьоцIо,
ГьоцIогIадав МухIамад.

Бищунго комиссиялъул членазе рекIее гIуна ПатIиматица **берккеялдаса** цIунизе гьабулеб кьехьеналъул:

Балагьарасул бер бахъаги,
КIалъарасул кIал къотIаги.
Бицараб рагIиги, балагьараб берги,
Нужедего буссайги.

ГьитIинаб макъалаялда кIудияб хIалтIи хъвазе рес букIунарелъул, дица къокъго хъван толеб буго: ракI унтун гьабураб хIалтIул хIасил квешаб букIунаро. Гьединлъидал, исана нижер КъахIиб гьоркьохъеб школалъул 10 классалъул цIалдохъан Дайитбегова ПатIиматица республикаялъул даражаялда тIоритIарал къецазда ккуна: «БукIинеселде гали» - II бакI; кечI чвахун, пасихIго цIали – I бакI, «ГIолохъанав ВатIан лъалев» - II бакI.

Лъабабго нухалъ гьелда цадахъ къватIире рахъана: Рамазанова ПатIимат, МухIамадсагIидова Ирайгьанат ва МухIамадова Раисат.

*Макъала хъвана гьаб хIалтIуе нухмалъи гьабурай Раисат* **ГIУМАРХIАЖИЕВАЛЪ**

# ТIоцебесеб цIумур кьабуралдаса...



**Раисат МухIамадова цIалдохъабазда гъоркьой.**

«Шамил район» лъай кьеялъул нухмалъиялъ конкурсал гIуцIула бищунго лъикIав классалъул руководитель тIаса вищизе. Гьеб конкурсалда кIицIулниги бергьана КъахIиб гъоркьохъеб школалъул байбихьул классазул учительница МухIамадова Раисат.

Гьоориса гIолохъанай ясалъул 14 сонцин тIубан букIинчIо Буйнакскиялъул педучилищеялде цIализе лъугьараб мехалда. Амма ракI-ракIалъго къабул гьабун букIана тIолабго гIумруялъ жиндирго хIаракатчилъи лъималазе лъайги тарбияги кьеялде буссинабилин абураб нbackup. Гьеб нияталда рекъон, 33 соналъ хиси гьечIого хIалтIана гьей КъахIиб гъоркьохъеб школалда ва гьанжеги хIалтIулей йиго.

Парангазул хъвадарухъан В. Гюгоца хъвана лъималазулгIан гIемер балъголъи чIахIиязул букIунарилан. Унго-унгоял педагогаз хIаракат бахъула жинда цебе цIалулеб щибаб лъимадул рекIелъ бугеб балъголъиялъул «кIул» батизе ва гьелдаса пайда босун хIалтIизе. Гьединазда гъоркьой рехсезе мустахIикъай йиго МухIамадова Раисат. Гьелда кIола жиндир дарсил щибаб минут-секунд гIадада унаредухъ жинца цIалулелдеги, бицунелдеги, бихьизабулелдеги лъималазул кIвар буссинабизе, гьелъул гIемерисеб дарс букIуна учителасулги цIалдохъабазулги гьуинаб накъиталде свердараб. Амма гьедин гара-чIварулаго Раисатица лъималазе захIмалъиги ккечIого тIубазабула дарсил мурад. АнцI-анцI соназул хIалбихьиялъги цIиял къагIидаби хIалтIизариялъги ячуна мугIалим мурададалде щвеялде. Гьелъул къанагIатги дарс букIунаро цо кинаб букIаниги расанди-хIай гъорлъ гьечIеб. Хасго кIвар кьола КВНазде.

Раисат МухIамадовалъ ункъо класс лъугIизегIан дарсал кьолел рукIарал лъималазе 5 – 11 классаздаги нухмалъи гьабизе гьелдаго тIадкъалеб цIияб къагIида ургъана ва гIумруялде бахъинабулеб буго школалъул дирекциялъ. Школалда тIоцебесеб цIумур кьабуралдаса ахирисеб цIумур кьабизегIан цого лъимал хутIула гьелъул тIалабчилъиялдаги нухмалъиялдаги гъоркь. ТIадехунисел классазда цIалулел ругезулгун гьабулеб тарбия кьеялъулъ цо тIокIлъиги загьирлъулеб буго Раисат МухIамадовалъул хIалтIулъ. Гьелъ цIалдохъабазул сапарал гIуцIула районалъул батIи-батIиял росабалъе. Араб цIалул соналда сапар гьабуна цоцахъе кагътал хъваялдалъун бухьен бугел Хьаргаби районалъул Могъохъ росдал школалъул цIалдохъабазухъе. Гьанибго рехсезе ккола Р. МухIамадова лъикIай спортсменкаги йигилан. Физкультураялъул учитель школалде вачIинчIого хутIани, гьесул дарс Раисатица кьола. Гьелъ чанго соналъ кьуна рахьдал мацIалъул дарсалги.

***ХIайбула ГЬИТIИХIМАДИБИРОВ,***
***Шамил район,***

# Умумузул кечI-бакъаналъе чIвалеб хъат

*Цебесеб анкьалда Авар театралда тIобитIана гьаадерил концерт*

**Шамил район рикIкIуна некIсиял гIадатазул, гIамалазул, цогидазда релълъунчIел кьурдабазул ва кучIдузул гъамаслъун. Кибго гьечIеб гIадаб буго гьениб руччабазул миллияб ретIелги. Гьеб районалъул Гьоор росдал гIадамал руго кечI-бакъаналгьеги кьурдабазеги Аллагьасго гьунар кьурал, гIумруялдаса разиял, захIмат бокьулел. КечI ахIизеги кьурдизеги лъаларев чи гьенив вукIунаро. Гьеб буго гьаадерие умумуздасанго щвараб махщел-гьунар.**



Миллияб формаги ретIун халкъияб рокьул кечI ахIулел гьаадерил ясал

Гьаб соналъул 13 июлалда Авар театралъул сценаялда, кечI-бакъаналъе

НекIсияб Гьоор буго анкьго си жаниб букIараб росу, гьезул

Концерт байбихьана некIсияб бакъаналда ГIарип Рамазановас ва МухIамад Рамазановас ахIараб "Гьидерил щоб гелун дун вачIунелъул" абулеб некIсияб халкъияб кочIодалъун. Хадуб букIана ясазги васазги цоцалъ къецбан ахIараб умумузул рокьул кечI.

ГIемерисезе асар гьабуна кочIохъаби ПатIимат ГьитIинкIохIмаевалъул, ГIайшат ГIалиевалъул, Раисат МухIадовалъул умумузул ратIлил формаялъул узданлъиялъ.



МухIамадгIарип ХирамухIамадов

Концерталде рачIараз хъатчIваялъул гьугьаялдалъун къабул гьаруна МухIамадамин ХирамухIамадовас пандрида ахIарал нилъер умумузул бахIарчилъиялъул бицунел кучIдуз.

### Аварт театралъги рази гьаруна

Киназего бищунго рокьараллъун рикIкIине бегьула республикаялдаго машгьурал кочIохъаби Муслимат ХIажиевалъ ва Муслим ХIасановас цадахъ ахIарал рокьул кучIдул. Гьанибго абила, Муслимат ХIажиевалъ жиндирго Сакинат-кIодол "бикъараб" некIсияб рокьул кечIалъги ГьитIинкIохIмаева ПатIиматица ахIараб халкъияб кечIалъги би гьелегьизабичIев чи залалда хутIун ватиларо.

Концерталъул программа берцин

КIудияб махщалида концерт нухда бачана ГIарип Рамазановас, щибаб церерахъин гьес байбихьулаан рекъонкколел кочIол жугьабиги цIалун, адабалда рехсолаан кочIол рагIабазул ва бакъаналъул автор.

Концерталъе ахир лъуна гьелъул гIахьалчагIаз, киналго цадахъ рахъун, гьабураб гьаадерил кьурдиялдалъун.

Рес ккун букIаго абила, цебе гIадатлъун букIана хIисабкьеялъул концерталгун районазул культураялъул кIалгIабазул художествиял коллективал Авар театралда шагьаралъулазда церерахъунеб. Жакъа гьеб гIадат хвезе тун буго. Гьадинаб куцалда концертгун цо росдал махщелчагIазул коллектив республикаялъул даражаялда цебебахъин кIудияб тавакалги, цоги-

# Басриябги цIуне цIиябги тIалаб гьабе



КъахIиб гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазда авар мацI ва литература гъваридго лъазабиялде ахираб заманалда хасаб кIвар кьолеб буго. Гьеб мурадалда учительница МухIамадова Раисатил нухмалъиялда гьоркь школалда хIалтIулеб буго кружок. Школалда тIоритIула батIибатIиял данделъаби ва къецал. Гьедин цIалдохъабазул рокьи бижизабулеб буго магIарул мацIалде. Масала, тIоритIана росуцоял Расулов ГIарипил, ГIарипов ХIажил творчествоялда хурхарал данделъаби. Щибаб соналъ районалда тIоритIулел олимпиадабазда призалъулал бакIал ккола кружокалъул гIахьалчагIаз. АлхинчIого щибаб моцIалъ «Халкъияб хазина» абураб газетаги биччала. Дагьаб цебегIан «Басриябги цIуне, цIиябги тIалаб гьабе» абураб ахIиялда гьоркь тIобитIана авар мацIалъул ва литератураялъул вечер. РекIее асар гьабуледухъ къачIан букIана церегел умумуз хIалтIизарулел рукIарал некIсиял алатазул выставка. Гьединго гьенир рукIана цIалдохъабаз рахъарал суратал. МагIарулазул фольклоралъул хIакъалъулъ бицана учительница МухIамадова Рисалатица. Гьелъ жюриялда цере лъуна «Дир гIагараб ватIан - КъахIиб росу» абураб темаялда къачIарал альбомал ва хъварал сочинениял.

Хадур кьер-кьераб умумузул ретIел-хьитгун цере рахъана цIалдохъаби. Гьез ахIана ва рикIкIана некIсиял умумузул кучIдул, рихьизаруна инсценировкаби. Жюриялъул членазе захIмат букIана бищунго лъикIазда цIар чIвазе ва къимат кьезе. ХIалуцарал къецаздаса хадуб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикьлъана 6 классалъул цIалдохъаби. Щайгурелъул, бищун рекIее асар гьабулеблъун хутIана гьеб классалъ хIадурараб, умумузул парталги ретIун квас самулеб хIаялъул номер.

***ХI. ГЬИТIИХIМАДИБИРОВ***

# Школалда «Херазул къо»

Херал гIадамал! Гьеб рагIиялъго тIамула нилъ гьезие бетIер къулун, хIурмат гьабизе, гьел тIалаб-агъазалъ сверун кквезе. ГIаданлъиялъул даражаялда напсги черхги куцарав чияс херал гIадамазул адаб-хъатир цIуничIого толаро. Гьединал рагIабаздаса байбихьана жиндирго кIалъай Гьоор гьоркьохъеб школалъул 2 абилеб классалъул учительница Раисат ГIумархIажиевалъ. Херазул къоялда хурхун щибаб соналъ хасал тадбирал гьарула гьеб школалда. Исанаги гIуцIараб къагIидаялъ ана гьеб къо. Щибаб классалъул нухмалъулез гьаруна классалъулал сагIтал. Школалде ахIун рукIана росдал херал гIадамал. КIиабилеб классалъул цIалдохъабаз школалде ахIун рукIана Гъаирбекова ПатIимат ва ХIадисова ПатIимат. Учительницаялъ бицана цIикIкIаразда бихьараб захIмат-къварилъиялъул, гьез хIехьезе ккараб захIматьиялъул хIакъалъулъ.






ЦIалдохъаби гIенеккана П.Гъаирбековалъул ва П.ХIадисовалъул кIалъаязухъ ва ахIана кучIдул. Кьуна гьезие сайгъаталги, гьабуна гьезие гьоболлъиги. Разиго хутIана цIалдохъабиги тIаде ахIаралги.

*Марьям МухIамадова, школалъул гIуцIарухъан*

Республика Дагестан
Муниципальное образование
«сельсовет Гоорский»

«День Первой борозды»
организатор Вахид Газилов

# БЛАГОДАРНОСТЬ

Оргкомитет по проведению национального праздника
«День первой борозды»
объявляет благодарность почетному гостью с. Гоор

Магомедова Раисат О-Г.

за активную жизненную позицию и личный вклад в поддержку и развитие национальной культуры села Гоор.

Глава администрации
МО «сельсовет Гоорский» М. Магомедов

с. Гоор 2012г.

*«Любовь к родине, часть имана»* хадис

# Почетная грамота

Настоящей грамотой награждается

Магомедова Раисат Омаргаджиевна

1.За любовь к отечеству, за старание в приобретении исламских знаний.
2.За проявление патриотизма и нравственных качеств, присущих истинному мусульманину.

**ИСЛАМСКОЕ МЕДРЕСЕ ИМ. ШЕЙХА МУХАММАД-АРИФА (КЪ.С.) СЕЛ. КАХИБ**

**КАХИБСКАЯ СРЕДНЯЯ ШКОЛА ИМ. РАМАЗАНОВА Р. Р. ШАМИЛЬСКОГО Р-НА РД**







Имам мечети с. Кахиб: ***Мухаммадариф-хаджи*** Дата 30. 10. 2009 год

Директор школы: ***Мухаммад-хаджи Рашидов*** Дата 30. 10. 2009 год